

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Dumasar kana masalah jeung tujuan anu hayang dihontal, ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén. Suyatna (2002: 17) nétélakeun yén “métode kuasi ékspérimén nya éta hiji métode panalungtikan anu nyokot sabagian variabel, sabab teu mungkin pikeun nyokot sakabéh variabel anu tujuanana pikeun meunagkeun tapsiran tina informasi anu kacangking kalawan maké métodé ékspérimén.”

Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ngagungkeun desain *non equivalent control group design* (Sugiyono, 2012: 79), tujuanana pikeun nalungtik ayana hubungan sabab akibat anu ngagunakeun perlakuan ka salasahiji kelompok sarta ngabandingkeun hasilna jeung kelompok séjén anu teu maké perlakuan. Dipilihna métode ieu sangkan leuwih bisa museur dina ngungkulan pasualan-pasualan anu keur disanghareupan anu desainna:

**Tabel 3.1**  
*Non equivalent control group design*

Kelompok	Tés Awal	Perlakuan	Tés Ahir
(1)	(2)	(3)	(4)
ékspérimen	O <sub>1</sub>	X	O <sub>2</sub>
kontrol	O <sub>1</sub>	-	O <sub>2</sub>

Keterangan :  $O_1$  = tés awal

$O_2$  = tés ahir

X = Pangajaran ngaregepkeun ngagunakeun média audio

- = Pangajaran ngaregepkeun teu ngagunakeun média audio

### 3.2 Variabel jeung Wangenan Operasional

#### 3.2.1 Variabel

“Variabel nya éta objék panalungtikan atawa naon-naon anu jadi puseur perhatian dina hiji panalungtikan.” (Arikunto, 2006: 116). Arikunto nétélakeun yén “dina panalungtikan anu maluruh salasahiji perlakuan (treatment) aya anu disebut variabel bébas (*independent variabel*) jeung aya ogé variabel terikat/kauger (*dependent variabel*).”

Dumasar kana pamadegan Arikunto anu diébréhkeun, anu jadi variabel bébas dina ieu panalungtikan nya éta média audio salaku faktor anu mangaruhan, sedengkeun variabel kauger nya éta kamampuh siswa kelas XII SMK Pasundan 1 Bandung taun ajaran 2011/2012 dina pangajaran ngaregepkeun dongéng.

#### 3.2.2 Wangenan Operasional

Sangkan teu nimbulkeun salah tafsir, istilah dina ieu panalungtikan baris ditétélakeun ti poin ka 1 nepi poin ka 5.

- 1) Éféktivitas dina ieu panalungtikan nya éta ngaronjatna hasil diajar siswa dina pangajaran ngaregepkeun dongéng sanggeus maké média audio anu mangrupa CD upama dibandingkeun jeung siswa anu teu maké média audio.
- 2) Média pangajaran nya éta alat anu dipaké pikeun mantuan prosés pangajaran sangkan pangajaran lumangsung kalawan daria. Jadi, média dina ieu panalungtikan nya eta média audio anu mangrupa CD rékaman dongéng.
- 3) Ngaregepkeun nya éta prosés ngadéngékeun, maham, jeung nyangkem eusi dongéng anu ditepikeun ku guru di kelas XII SMK Pasundan 1 Bandung.
- 4) Dongéng nya éta carita rékaan (fiksi) anu eusina sok ngandung pamohalan tur ukuranna parondok. Ku kituna, dongéng anu dipake dina ieu panalungtikan nya éta dongéng sasakala anu judulna “Cau Manggala Aya Sikian”.
- 5) Studi kuasi ékspérimén nya éta panalungtikan pikeun ngukur kamampuh siswa anu maké média audio di kélompok ékspérimén jeung siswa anu ngagunakeun téhnik tradisional di kélompok kontrol.

### **3.3 Téhnik Panalungtikan**

#### **3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data bakal ditétélakeun saperti ieu di handap.

##### **1. Téhnik ulikan pustaka**

Téhnik ulikan pustaka nya éta téhnik anu mangrupa kagiatan mutala’ah buku-

buku anu keur ditalungtik. Ieu téhnik digunakeun pikeun ngumpulkeun bahan anu aya hubunganana jeung masalah anu baris ditalungtik.

## 2. Téhnik tés

Téhnik tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan mangrupa tés kamampuh/préstasi (*achievement test*), nya éta tés anu dipaké pikeun ngukur kamampuh siswa sanggeus diajar (Arikunto, 2006: 151). Instrumén tés digunakeun pikeun ngukur kamampuh awal jeung kamampuh ahir hasil diajar ngaregepkeun dongéng. Tés anu dibikeun pikeun ngukur kamampuh diajar mangrupa soal éséi. Ieu tés dibikeun ka siswa saacan dibéré *treatment* jeung sanggeus dibéré *treatment*. Lambaran soal tés kamampuh diajar siswa aya dina lampiran.

Téhnik ulikan pustaka jeung téhnik tés anu mangrupa migawé soal esey téh digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun ngumpulkeun data anu baris dianalisis ngeunaan média audio dina pangajaran ngaregepkeun dongéng.

### 3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Data anu dikumpulkeun ti siswa mangrupa tés ngaliwatan instrumén panalungtikan ngawengku hasil diajar kamampuh awal (*pretest*) jeung kamampuh ahir (*posttest*) kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol, anu digunakeun pikeun nguji hipotésis. Ku sabab kitu, data perlu diolah jeung dianalisis luyu jeung kapentingan panalungtikan.

Kegiatan ngolah data mibanda tujuan pikeun ngolah data kotor jadi data bersih, sarta méré ma'na kana hasil panalungtikan. Kegiatan nganalisis jeung ngolah data ngawengku mariksa jeung méré peunteun kana hasil tés, nyieun tabulasi data peunteun kana tabél distribusi frékuénsi peunteun tés. Nguji sipat data nya éta uji normalitas, uji homogénitas, jeung nguji béda dua rata-rata (uji t) pikeun ngabakukeun hipotésis. Kamampuh awal siswa kudu ditéangan pikeun nagtukeun gedéna pangaruh makéna média audio dina pagajaran ngaregepkeun dongéng di kelompok ékspérimén sarta anu teu ngagunakeun makéna média audio di kelompok kontrol. Upama kamampuh awal éta dua kelompok geus kanyahoan bakal gampang nangtukeun gedé leutikna pangaruh éta média anu digunakeun.

Sarua henteuna kamampuh awal siswa katangen tina hasil ngolah jeung analisis data tés awal kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol. Langkah anu dilaksanakeun nya éta nguji sipat data. Nguji sipat data ngawengku:

### 1. Uji Normalitas

Uji normalitas tujuanana pikeun mikanyaho normal henteuna data anu geus dikumpulkeun. Léngkah-léngkahna nya éta:

- a) ngitung rata-rata (méan) peunteun tés awal kelompok ékspérimén

$$\bar{x} = \frac{\sum fx}{N}$$

Keterangan :

$\bar{x}$  = rata-rata kelompok

$\sum fx$  = jumlah peunteun kali frékuénsi

$N$  = jumlah siswa

b) ngitung standar déviiasi

$$Sd = \sqrt{\frac{n(\sum f\chi^2) - (\sum f\chi)^2}{N(N-1)}}$$

Katerangan:

sd = standar deviasi

$\sum fx^2$  = jumlah frékuénsi peunteun

$(\sum fx)^2$  = jumlah frékuénsi peunteun x kuadrat

$N$  = jumlah subyék panalungtikan

c) nyieun frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspéktasi anu léngkah-léngkahna nya éta:

1) ngitung jumlah kelas ( $k$ ), ngagunakeun rumus:  $k = 1 + 3,3 \log n$

2) ngitung rentangan ( $r$ )

$r$  = peunteun panggedéna-peunteun pangleutikna

3) nangtukeun panjang kelas ( $p$ ), ngagunakeun rumus:  $p = r/k$

4) nangtukeun  $Z$  keur wates kelas maké rumus:

$$Z = \frac{BK - X}{sd}$$

5) nangtukeun ambahan/legana unggal kelas interval ( $L$ )

6) nangtukeun frékuénsi ékspéktasi:  $E_i = L \times N$



7) nangtukeung frékuénsi Observasi ( $O_i$ )

8) nangtukeun batas kelas ( $bk$ )

d) ngitung  $X^2$  (chi-kuadrat) tina daptar

$$\sum \chi^2 = \frac{(O_i - E_i)}{(E_i)^2}$$

e) nangtukeun darajat kabébasan

$$db = k - 3$$

f) nangtukeun  $\chi^2$  (chi-kuadrat) tina daptar

g) nangtukeun normalitas

Pikeun nangtukeun normalitas distribusi populasi digunakeun kritéria ieu di handap.

$$\chi^2_{itung} < \chi^2_{daptar} = \text{distribusi populasi normal}$$

$$\chi^2_{itung} > \chi^2_{daptar} = \text{distribusi populasi teu normal}$$

## 2. Nguji Homogénitas

Uji homogénitas peunteun tés ahir siswa kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol, léngkah-léngkahna nya éta:

a) néangan peunteun ( $F$ ) maké rumus:

$$F = \frac{sb^2}{sk^2}$$

b) nangtukeun darajat kabébasan (db)

$$db_1 = N_1 - 1$$

$$db_2 = N_2 - 1$$

### 3. Ngagunakeun Uji t

Léngkah-léngkah ngalaksanakeun uji béda dua rata-rata (uji-t) nya éta:

a) ngitung standar déviiasi gabungan (*sdg*):

$$Sdg = \sqrt{\frac{(n_1 - 1)S_1^2 + (n_2 - 1)S_2^2}{n_1 + n_2 - 2}}$$

Katerangan :

*Sdg* = Standar déviiasi gabungan

$n_1$  = Jumlah siswa kelompok ékspérimen

$n_2$  = Jumlah siswa kelompok kontrol

$S_1^2$  = standar déviiasi anu di kuadratkeun ti kelompok ékspérimén

$S_2^2$  = standar déviiasi anu di kuadratkeun ti kelompok kontrol

b) ngitung peunteun t maké rumus:

$$t = \frac{X_1 - X_2}{sdg \sqrt{\frac{1}{n_1} + \frac{1}{n_2}}}$$

Katerangan:

$X_1$  = mean rata-rata kelompok ékspérimén



$X_2$  = mean rata-rata kelompok kontrol

$Sdg$  = standar deviasi gabungan

$n_1$  = jumlah siswa kelompok eksperimen

$n_2$  = jumlah siswa kelompok kontrol

c) nangtukeun darajat kabébasan (db)

$$db = n_1 + n_2 - 2$$

d) nangtukeun harga  $t_{tabel}$

1.  $t_{tabel} < t_{itung}$  hipotésis ditolak
2.  $t_{tabel} > t_{itung}$  hipotésis ditarima.

#### 4. Nguji Hipotésis

Nguji hipotésis ditingali tina hasil tes ahir kelompok eksperimen jeung kelompok kontrol uji t. Kriteria anu digunakeun nya éta ( $H_1$ ) ditarima ( $H_0$ ) ditolak lamun  $t_{itung} > t_{tabel}$  jeung ( $H_1$ ) ditolak ( $H_0$ ) ditarima lamun  $t_{itung} < t_{tabel}$ .

### 3.4 Populasi jeung Sampel

#### 3.4.1 Populasi

Populasi dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas XII SMK Pasundan 1 Bandung taun ajaran 2011/2012.

### 3.4.2 Sampel

Sampel nya éta sabagean atawa wawakil dina populasi anu ditalungtik.

*Pada penelitian eksperimen murni kelompok subjek penelitian ditentukan secara acak, sehingga akan diperoleh kesetaraan kelompok yang berada dalam batas-batas fluktuasi acak. Namun, dalam dunia pendidikan khususnya dalam pembelajaran, pelaksanaan penelitian tidak selalu memungkinkan untuk melakukan seleksi subjek secara acak, karena subjek secara alami telah terbentuk dalam satu kelompok utuh (naturally formed intact group), seperti kelompok siswa dalam satu kelas. Kelompok-kelompok ini juga sering kali jumlahnya sangat terbatas. Dalam keadaan seperti ini kaidah-kaidah dalam penelitian eksperimen murni tidak dapat dipenuhi secara utuh, karena pengendalian variabel yang terkait subjek penelitian tidak dapat dilakukan sepenuhnya, sehingga penelitian harus dilakukan dengan menggunakan intact group (Tim Puslitjaknov, 2008: 3).*

Jadi, sampel dina ieu panlungtikan nya éta siswa kelas XII Pemasaran 1 anu jadi kelompok ékspérimen jeung siswa kelas XII Akuntansi 3 anu jadi kelompok kontrol sabab dianggap mibanda karakteristik anu sarua jeung sakabéh siswa kelas XII SMK Pasundan 1 Bandung taun ajaran 2011/2012.

### 3.5 Cara Meunteun Prosés Ngaregepkeun

Meunteun kaasup salah sahiji kagiatan anu kawilang penting dina widang atikan. Ieu kagiatan téh bisa dilaksanakeun ku pihak-pihak anu tangtu. Salasahijina nya éta meunteun dina raraga kagiatan diajar di kelas. Dina ieu hal anu ngalaksanakeunna nya éta guru. Ku kituna, salian ti pancén ngajar jeung ngatik, guru ogé ngabogaan pancén salaku évaluator.

Dina raraga meunteun, guru kudu nyangking pangaweruh jeung kaparigelan, saperti weruh kana prinsip-prinsip évaluasi nya éta kontinyu, nyoko kana tujuan,

menyeluruh, saimbang tur objéktip. Guru kudu weruh kana prosés évaluasi, nyoko kana téhnik jeung évaluasi, parigel dina nyusun soal, bisa ngolah skor, jeung bisa ngagunakeun évaluasi pikeun widang atikan.

Ngaregepkeun dongéng digunakeun pikeun jadi sampel dina ieu panalungtikan ku ngagunakeun média audio dina pangajaranana, kukituna pikeun mikanyaho frékuénsi peunteun pangajaran ngaregepkeun dongéng, panalungtik ngadéskripsikeun dina wangun tabél peunteun anu nyoko kana indikator anu geus ditangtukeun.

**Tabel 3.2**  
**Pedoman Meunteun Kamampuh Ngaregepkeun Dongéng**

Aspek	Indikator	Butir Soal	Skala
(1)	(2)	(3)	(4)
Eusi	<ul style="list-style-type: none"> <li>Dapat menyimak dongeng dengan baik dan penuh perhatian;</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Naon téma dongéng sasakala anu judulna “Cau Manggala Aya Sikian”?</li> </ul>	1-3
	<ul style="list-style-type: none"> <li>Dapat menanggapi unsur-unsur dongeng yang disimaknya dengan baik;</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Saha waé palaku anu aya dina dongéng sasakala anu judulna “Cau Manggala Aya Sikian”?</li> </ul>	1-2
	<ul style="list-style-type: none"> <li>Dapat menceritakan kembali isi dongeng dengan bahasa sendiri.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kumaha galur carita dina dongéng sasakala anu judulna “Cau Manggala Aya Sikian”?</li> <li>Kumaha latar (setting) dongéng sasakala anu</li> </ul>	0-1 1-2

		<p>judulna “Cau Manggala Aya Sikian”?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Amanat naon anu rék ditepikeun ku pangarang dina dongéng sasakala anu judulna “Cau Manggala Aya Sikian”?</li> </ul>	1-4
		<ul style="list-style-type: none"> <li>• Caritakeun deui dongéng sasakala anu judulna “Cau Manggala Aya Sikian” maké basa sorangan!</li> </ul>	1-3
Katangtuan Dongéng	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Dapat menjelaskan apa yang dimaksud dengan dongeng, ciri-ciri dongeng dan jenis-jenis dongeng dengan baik dan benar;</li> <li>• Dapat menjelaskan unsur-unsur yang terdapat dalam dongeng dengan tepat;</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Jelaskeun naon anu dimaksud dongéng!</li> <li>• Kumaha ciri-ciri dongéng téh?</li> <li>• Sebutkeun jenis-jenis dongéng!</li> <li>• Jelaskeun unsur-unsur naon waé anu aya dina dongéng!</li> </ul>	1-2 1-2 1-2 1-2
Jumlah			9-23

Katerangan skala meunteun:

#### A. Eusi

1. Naon téma anu kapanggih dina dongéng sasakala anu judulna “Cau Manggala Aya Silian”?

3 = jawaban lengkep tur luyu jeung téks dongéng

2 = jawaban hampir ngadeukeutan kana anu sabenerna

1 = jawaban salah (teu luyu/teu lengkep)

2. Saha waé palaku anu aya dina dongéng sasakala anu judulna “Cau Manggala

Aya Sikian”?

2 = jawaban bener tur lengkep

1 = jawaban salah (teu luyu/teu lengkep)

3. Kumaha galur carita dina dongéng sasakala anu judulna “Cau Manggala Aya Sikian”?

1 = jawaban bener tur lengkep

0 = jawaban salah (teu luyu/teu lengkep)

4. Kumaha latar (sétting) dina dongéng sasakala anu judulna “Cau Manggala Aya Sikian”?

2 = jawaban bener tur lengkep

1 = jawaban salah (teu luyu/teu lengkep)

5. Amanat naon anu rék ditepikeun ku pangarang dina dongéng sasakala anu judulna “Cau Manggala Aya Sikian”?

4 = jawaban lengkep tur luyu jeung téks dongéng

3 = jawaban kurang lengkep tapi luyu jeung téks dongéng

2 = jawaban hampir ngadeukeutan kana anu sabenerna

1 = jawaban salah (teu luyu/teu lengkep)

6. Caritakeun deui dongéng sasakala anu judulna “Cau Manggala Aya Sikian”

maké basa sorangan!

3 = eusi anu dicaritakeun lengkep tur luyu jeung téks dongéng

2 = eusi anu dicaritakeun luyu jeung téks dongéng

1 = eusi anu dicaritakeun singget, rada ngadeukeutan kana téks dongéng

### **B. Katangtuan Dongéng**

1. Jelaskeun naon anu dimaksud dongéng!

2 = jawaban bener tur lengkep

1 = jawaban hampir ngadeukeutan kana nu sabenerna

2. Kumaha ciri-ciri dongéng téh?

2 = jawaban bener tur lengkep

1 = jawaban salah (teu luyu/teu lengkep)

3. Sebutkeun jenis-jenis dongéng!

2 = jawaban bener tur lengkep

1 = jawaban salah (teu luyu/teu lengkep)

4. Jelaskeun unsur-unsur naon waé anu aya dina dongéng!

2 = jawaban bener tur lengkep

1 = jawaban salah (teu luyu/teu lengkep)

Pikeun meunteun hasil ngaregepkeun siswa kana dongéng anu geus diregepkeun, digunakeun padoman meunteun saperti tabél 3.2. dumasar kana



padoman di luhur skor maksimal, nya éta 23, skor nu kahontal ku siswa dirobah jadi skor atah kalawan ngagunakeun rumus ieu di handap:

$$\text{Skor Atah} = \frac{\text{Skor nu kahontal}}{\text{Skor maksimal}} \times 100$$

### 3.6 Léngkah-léngkah garapan

#### A. Tatahar:

- a. ngasongkeun judul panalungtikan;
- b. nyusun rarancang panalungtikan;
- c. ngayakeun ulikan pustaka; jeung
- d. nangtukeun sumber data.

#### B. Tahap ngumpulkeun data:

- 1) ngayakeun observasi;
- 2) ngayakeun tés awal jeung tés ahir di kelompok ékspérimén; jeung
- 3) ngayakeun tés awal jeung tés ahir di kelompok kontrol.

#### C. Tahap ngolah data:

- 1) mariksa deui kalawan gemet data anu geus kakumpul;
- 2) ngelompokkeun data anu dianggap satata;
- 3) mariksa tés awal jeung tés ahir di kelompok ékspérimén;
- 4) mariksa tés awal jeung tés ahir di kelompok kontrol;

- 5) ngitung béda rata-rata peunteun tés awal jeung tés ahir di kelompok ékspérimén;
- 6) ngitung béda rata-rata peunteun tés awal jeung tés ahir di kelompok kontrol; jeung
- 7) ngitung béda rata-rata peunteun tés awal jeung tés ahir di kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol.

#### D. Tahap nyusun laporan

Tahap nyusun laporan téh mangrupa tahap pamungkas dina nyieun ieu panalungikan. Sistematika ngajanggélék dina wangun skripsi, anu léngkah-léngkahna nya éta:

PANGJAJAP

DAFTAR EUSI

BAB I BUBUKA

BAB II ÉFÉKTIVITAS MÉDIA AUDIO NGAREGEPKEUN JEUNG  
DONGÉNG

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

BAB IV HASIL JEUNG ANALISIS DATA

BAB V KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

DAFTAR PUSTAKA

LAMPIRAN

RIWAYAT HIRUP